



Pou Piblikasyon Imedya: 28/04/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YO PRAL NONMEN JOHN WANG POU SÈVI NAN KONSÈY DIREKTÈ EMPIRE STATE DEVELOPMENT LAN

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yo pral nonmen John Wang pou sèvi nan Konsèy Direktè Empire State Development lan. Mesye Wang se premye Ameriken dorojin Azyatik ke yo nonmmen nan konsèy ESD a.

"New York merite lidèchip ki kalifye ak angaje pou travay Eta a", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Avèk pil eksperyans ak pasyon pou sèvis publik la, John Wang pral yon ogmantasyon ekstrawòdinè pou Empire State Development. Mwen pa ka tann pou mwen travay avèk li pandan n ap kontinye rasanble lidè ki pi divèsifye epi ki gen plis konesans pou rezoud defi ki pi ijan nan Eta a epi pote rezulta pou Nouyòkè yo."

Komisè pa Enterim ak Direktè Egzekitif ak PDG yo deziyen pou Empire State Development lan, Hope Knight te deklare, "Nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, Eta New York ap fè avanse yon ajanda ekonomik ki odasye k ap katalize nouvo envestisman epi kreye plis opòtinite pou plis Nouyòkè. Divèsite nou kòm yon eta se fòs nou, epi nominasyon Mesye Wang ede reflete divèsite New York ak ekonomi li a. Eksperyans Mesye Wang, konesans ak pèspektiv inik yo se yon avantaj pou Konsèy ESD a, e mwen pa ka tann pou mwen travay avèk li pandan n ap lanse nouvo inisyativ agresif pou kreye bon jan kalite djòb ak jenere kwasans ekonomik dirab nan kominote yo atravè eta a."

John Wang se Prezidan Sant Developman Biznis Ameriken dorojin Azyatik (Asian American Business Development Center, AABDC), ke li te fonde an 1994. Li se yon antrepriz san bi likratif ki etabli pou bay asistans teknik pou ti biznis Ameriken dorojin Azyatik yo ak yon òrganizasyon devlopman komès prensipal ki ankouraje biznis ant Etazini ak Azi. Pandan ane yo, yon eleman enpòtan nan travay AABDC te elaji nan pwomosyon ak defans egzekitif, lidè biznis ak antreprenè Ameriken dorojin Azyatik yo atravè Prim Eksepsyonèl pou 50 Ameriken dorojin Azyatik ki nan Biznis ki rekonèt reyisit ak kontribisyon Ameriken dorojin Azyatik yo nan ekonomi jeneral la. Yo te onore plis pase 700 Ameriken dorojin Azyatik depi 2001.

Mision Empire State Development (ESD) se pou ankouraje yon ekonomi eta ki djanm epi k ap grandi, ankouraje envestisman biznis ak kreyasyon djòb, epi sipòte divès

ekonomi lokal k ap pwospere atravè Eta New York atravè itilizasyon prè efikas, sibvansyon, kredi taks, devlopman byen imobilye, maketing ak lòt fòm asistans.

Pou sipòte misyon devlopman ekonomik gouvènè a, ESD pral ede egzekite anpil priyore nan Bidjè Ane Fiskal 23 a tankou:

- Inisyativ ConnectAll 1.4 milya dola
- Plan Sekou pou Ti Biznis 1 milya dola
- Biwo Devlopman Mendèv Estratejik 350 milyon dola
- Restore NY 250 milyon dola
- Envestisman ki Pare Demare (FAST NY) 200 milyon dola

Kòm yon pati nan konsèy direktè ESD a, John Wang pral ede ramne yon ekonomi solid epi k ap pwospere pou biznis ki posede pa Azyatik yo ak tout ti biznis etonan atravè eta a. Eksperyans li nan ede biznis yo nan New York ak aletranje pral ede bay ti biznis ki posede pa Azyatik yo ogmantasyon yo bezwen apre de zan tibilans.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)